

## EKIP KAP DIRIJE NOU

Evèk, sirintandan ak pastè administre, dirije aspè espirityel ak tanporèl diferan ministè ou depatman Legliz AME nan diferan nivo konferans yo.

Evèk yo pase nan eleksyon epi konsakre pou dirije travay nan episkopal distri yo. Legliz AME gen prezans li nan plis pase quarant(40) peyi.

Evèk kap dirije episkopal distri a bay Sirintandan yo chaj pou sèvi kòm administrate ak konseye Evek ant konferans anyèl la e lokal legliz la. Yo asire ke tout bagay ap fèt an akò avèk politik e prosedi Legliz AME.

Pastè ki resevwa chaj li nan men Evèk la sèvi kòm chèf ofisyèl kongregasyon lokal epi responsab tout proujè ou pwogram ke legliz la genyen. Pastè yo nome moun ki pou sèvi kòm administrate/jeran legliz la epi konferans trimestriyèl la konfime moun sa yo. Pastè a nome Jeran yo ke legliz lokal eli pou sivevize aspè fisik legliz la.

Doktrin ak Disiplin Legliz Afriken Metodis Episkopal sèvi kòm yon konstitisyon eklesyastik ki souliye Atik Relijyon yo, Règleman Jeneral ak Rityèl Legliz la, ak tout lòt ak tout lòt sèvis ankò.

## PROFIL NOU

Legliz AME gen ladan li:

- 2.5 milyon manb
- 8,000 pastè
- 6,200 kongregasyon
- 20 episkopal distri
- 115 konferans anyèl

## DEPARTMAN, KOMISYON, ORGANIZASYON AK PIBLIKASYON

Legliz AME gen depatman ak komisyon sa you yo ki la pou reponn a bezwen organizationèl legliz.

**Depatman:** Edikasyon Kretyen, Kreye ak Developman Legliz, Sipò ak Soutien ministeryèl, Eritaj familial, Envestisman ak Asirans, Journal

"Christian Recorder", Finans, Biwo Sekretè Jeneral, Rechèch ak Bous. Inyon Lekòl Dominikal AME.

Tout Depatman sa yo gen responsablite programatik Legliz AME a. Travay chak Depatman sa yo dirije pa yon Ofisyè Jeneral ki te pase nan eleksyon pandan Konferans Jeneral la

**Komisyon:** Estatistik ak Finans; Eritaj/reveni prive, Envestisman ak Asirans; Piblikasyon; Aksyon Sosyal, Plantasyon ak Developman Legliz, Sipò ak Soutien ministeryèl, Organizasyon Laik; Seminè, Kolèj, Inivèsite ak Lekol; Edikasyon Kretyen, Ministè Fanm; Sante; Rekritman ministè, Global Developman; Developman Ekonomik; "Chaplain."

**Organizasyon:** Organizasyon Laik; Sosyete Dam Misyonè; Divizyon la jenès; Richard Allen Jèn Adilt Konsèy, Ministè Mizik ak Kilti, Ministè Fanm, Organizasyon Laik Edikatè Kretyen, Asosiasyon AME Skout, Koneksyonal Ministè Asosiasyon AME, Vèf ak Vèv Madanm Pastè Organizasyon Pitit Pastè (PK); Koneksyonal konsil; Pitit Allen; Konsil Sirintandan, Komisyon jén debitán.

**Piblikasyon:** The A.M.E. Church Review; The Christian Recorder; The Journal of Christian Education; Women's Missionary Magazine; Voice of Missions; Y.P.D. Newsletter; The Secret Chamber.

Traduction par Mme Elvire Douglas

## IL S'AGIT D'UNE RESSOURCE TÉLÉCHARGEABLE GRATUITE PRODUITE PAR:

Depatman d'Edikasyon Kretyen  
P. O. Box 331947  
Nashville, TN 37203  
Ph: (615) 242-1420  
Fax: (615) 726-1866  
cedoffice@ameced.com  
www.ameced.com



EGLIZ AFRIKEN METODIS  
EPISKOPAL

NOU  
SE MOUN  
ANKLUM LA



Legliz Afrikenn Metodist Episkopal koumanse nan pwotestasyon, li pran nesans li nan lapriye epi li pran fòm li nan moul Bondye nan yon boutik fôjron  
Nou se moun "Anklum" la

## KOUMANS MAN NOU



Nan lane 1787, Rev Richard Allen, Rev. Absalom Jones ak lòt moun ki t ap swiv yo retire kò yo nan Legliz Metodis St. Jorg nan Philadelphie, Pensylvanie paske yo tap sibi move tretman ak tribilasyon desandan Afriken yo tap fè fas. Yo santi yo pa ka kontinye adore Bondye nan yo kongregasyon ki pa ka konfime moun nwa ak tout potansyèl yo kòm ptit Bondye. Allen ak lòt zanmi li yo koumanse bay Bondye glwa nan yon boutik fôjron. La yo fonde Sosyete Afriken Lib ki se prekisè Legliz Afriken Metodis Episkopal (AME).

Nan lane 1816, Richard Allen ansanm ak lòt reprezantan dives legliz Afriken rankontre e yon organizasyon legliz osnon "Koneksyon" sòti sou non Egliz Afriken Metodis Episkopal kòm denominasyon ak Richard Allen kòm fondatè ki vini premye Evèk eli e konsakre. Denominasyon sa a bay tout desandan Afriken respè, diyite ak libete pou adore Bondye, epi patisipe san kontrent nan konstriksyon Wayòm Bondye a.

## MISYON NOU

Mision Legliz AME a se angaje l nan batay pou chanjman sosyal, devlopman espirityèl ak fizik tout moun.

## NON NOU

Afrikenn vle di se desandan Afriken pa nesans osnon heritaj ki òganize Legliz sa a. Sa pa vle di legliz la te òganize an Afrik eke se pou moun ki soti ou desandan Afriken selman ki manb. Men li vle di ke Ameriken ki fonde Legliz la se dessandan Afriken ke yo ye e nou fyè pou rekonèt sa.

Metodis fè referans a fanmi Legliz Metodis kote

li soti. Richard Allen, fondatè ak premye Evèk santi ke doktrinn ak disiplinn Metodis la reponn a bezwen kominate Afriken nan

Episkopal fè referans sou fòm gouvenman ki sou tèt Legliz la. Fòm govenans sa a vle di ke chef ekzekitif k ap dirije denominasyon nou an se Evèk yo. Se Konferan Jeneral la ki eli yo epi bay yo otorite pou sipèvize tout zafè legliz la tankou prezide Konferans Anyèl, bay Pastè chaj yo, òdone diak ak pastè, òganize misyon, e an jeneral fè pwomosyon interè denominasyon an.

Egliz fè referans a Legliz Kretyen "Yon kominate moun ki kwè nan Bondye e ki aksepte Jezi-Kris kòm gid espirityel lavi yo. Nou kwè tou nan Sent Espri k ap ede kwayan yo sèvi Bondye tout bon vre. Jezi-Kris se chef espirityèl Legliz Kretyen nan.

## DEVIZ NOU

Deviz Legliz AME se: Bondye Papa nou, Kris Redamtè nou, Sent Espri Konsolatè nou, Limanite se Fanmy nou.

## NAN SA NOU KWÈ

Nan tradisyon nou, gen plizyè dokiman ki ede nou konprann kote nou soti ak Fwa Kretyenn nou. Nou gen: *Doktrin ak Disiplin AME, liv chan AME, liv pou kondwi Adorasyon, Salitasyon Episkopal, liv sou Histwa Legliz la, liv sou Atik Relijyon e live sou predikasyon levangil ak travay Evèk Richard Allen.*

Legliz AME rekonnèt epi obsève de (2) sen Sakreman ki se Batèm ak Sent Sèn. Mòd batèm nou nan Afrikenn Metodis se vide dlo, degoute dlo ak plonje. Kèlke swa metòd la ou fòm ki itilize, batèm se yon Sinbòl pwisan de rejeneresans e inisyasyon nan kominate fwa kretyen – Legliz Jezy-Kris a. Sèvis Kominyon se yon rapèl sou soufrans, lan mò Jezi-Kris e selebrasyon lavi an abondans nou jwen nan rezirèksyon li.

## FOM GOUVENANS NOU

Legliz AME gen senk (5) konferans: Konferans Jeneral, Konferans Anyèl, Konferans Distri, Konference Trimestriel, Konferans Legliz lokal.

**Konferan Jeneral** se Kò lejislatif siprèm Legliz AME. Konferans sa a òganize chak Kat (4) lane pou eli evèk, ofisyè jeneral, fè lwa. Konsèy Evèk la se yon kò ekzekitif ki pou bay direksyon ak sipèvizon administratif. Konsèy Jidisè a la pou rezoud appel final nan rezolisyon konfli selon lalwa

**Konferance Anyèl** se baz Legliz AME ki rankontre chak ane pou revize rapò sirintandan, pastè ak komite yo. Se Evèk la ki preside konferans sa a. Konpozisyon Konferans la se Pastè yo ak yon delege pou chak legliz local.

**Distri Konferans** la se yon asanble legliz ki sou sipèvizon yon sirintandan nan yon distri e ki rankontre chak lane pou revize travay ki fèt nan kongregasyon lokal yo, ekzamine kandida pou òdinasyon nan ministè a, epi konsidere/revize tout travay kap fèt pou benefis lokal legliz yo. Se Sirintandan an ki preside rankont sa ki sèvi kòm yon kòd ki mare lokal legliz yo ak Legliz Koneksyonal la.

**Konferans Trimestriyèl** se kò gouvenans legliz lokal la kote plan, pwojè, règleman intenn devlope, revizyon ak evalyasyon pèfòmans fèt. Sirintandan an se li ki prezide reyinyon sa a. Li sèvi kòm pon ant legliz lokal e legliz koneksyonal la.

**Konferans Legliz** lokal se rankont ak tout lòt depatman yo pou diskite tout travay, pwojè espesyal, tout aktivite kap fèt ou gen pou fèt nan legliz la. Se Pastè an chaj legliz la ki prezide reyinyon sa a.